# VITAGEN TÁLIMDI ÁMELGE ASIRIWDÍŃ METODOLOGIYALÍQ TIYKARLARI

**D.Dawletnazarova** – *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** o'quvchi, o'qituvchi, ta'lim, tarbiya, talaba, vitagen texnologiya, kompetensiya.
**Ключевые слова:** ученик, учитель, образование, воспитание, студент, витагенная технология, компетенция.
**Key words:** student, teacher, education, upbringing, student, vitagenic technology, competence.

Tálim natiyjeliligin asırıwda ayrıqsha zamanagóy qatnas jasawlardan biri, bul innovaciyalıq qatnas bolıp, bunda oqıtıw processlerin shólkemlestiriwde forma, metod hám qurallardıń óz ara muwapıqlıǵın esapqa alǵan halda tańlaw tiykarında oqıtıwshı hám tálim alıwshılardıń sherikligindegi iskerligin rawajlandırıw esaplanadı. Jáhán standartları talaplarına juwap beretuǵın zamanagóy shınıǵıwlar procesinde dástúriy sabaq yaǵnıy túsindiriw, lekciya, ámeliy hám laboratoriya sabaqları menen bir qatarda oqıwshılar, talabalar bilimin asırıwda oyın texnologiyaları, mashqalalı máselelerdi sheshiw, keys-stadi (keys-study) texnologiyaları hám basqalardan nátiyjeli paydalanıw múmkin.

Ádette, oqıw procesine alıp kirilip atırǵan jańalıqlar bilim alıwshı tárepinen ásirese bul jańalıqlar interaktivlik hám oyın kórinisinde bolsa, aktiv qızıǵıwshılıq penen kútip alınadı. Usınıń menen birgelikte, ilim-texnika jetiskenliklerinen sabaq procesinde paydalanıw tálim beriw procesi múmkinshiliklerin keskin keńeytiwi múmkin.

Házirgi kúnde tálim procesine vitagen jantasıwdıń ózgesheligi aktuallasıp barmaqta. Vitagen tálim degenimizdiń ózi ne? Bul qanday qatnas jasaw?

Vitagen – vita (lat.) – turmıs, genesis (lat.) – tuwılıw (payda bolıw), yaǵnıy turmıstan tuwılǵan. Vitagen tálim – shaxs (oqıwshı, talaba)tıń turmıslıq tájiriybesin aktuallastırıw (talap), onıń intellektuallıq hám psixologiyalıq potencialınan oqıw maqsetlerinde paydalanıw tiykarında oqıtıw bolıp tabıladı. Túsinikler arasındaǵı ayırmashılıq vitagenge baǵdarlanǵan tálimniń maqseti shaxstıń intellektuallıq hám psixologiyalıq potencialında sáwleleniwinen ibarat. Bunda shaxstıń turmıs tájiriybesin turmıslıq tájiriybege ózgertiwdi názerde tutadı. Turmıs tájiriybesi, bul insan tárepinen jasamaytuǵın, tek ǵana onıń sanası menen baylanıslı maǵlıwmat. Turmıslıq tájiriybe – insan ózi (sonıń ishinde, talaba) basınan keshirgen, ol sezgen, oylaǵan, úgit-násiyatlaǵan hám uzaq múddetli yadında saqlanıp, ol ushın jeke áhmiyetli bolıp qalǵan maǵlıwmat bolıp esaplanadı. Talabanıń roli, onıń biliw procesiniń teń huqıqlı qatnasıwshısı yaǵnıy tek obyekti emes, al biliw iskerliginiń subyekti de bolıp tabıladı.

Rossiyalı pedagog A.S.Belkin vitagenli bilim beriw texnologiyasın islep shıqtı hám sınaqtan ótkerdi. Vitagen bilimlendiriw insannıń turmıslıq tájiriybesin, pedagogikalıq maqsetler ushın jeke hám intellektuallıq potencialın aktuallastırıwǵa tiykarlanǵan bilimlendiriw bolıp esaplanadı. Vitamin bilimlendiriw sheńberinde turmıslıq tájiriybe úlken áhmietke iye. Biraq, turmıs tájiriybesi hám turmıs tájiriybesin parıqlaw kerek.

A.S.Belkinniń sózlerine qaraǵanda, bul túrli mazmunǵa iye bolǵan pútkilley basqa túsinikler bolıp tabıladı. Turmıslıq tájiriybe bul ǵárezsiz túrde qolǵa kirgizilmegen, biraq insannıń ómir hám iskerliktiń belgili bir táreplerin túsiniwine tiykarlanǵan turmıslıq málimleme bolıp tabıladı. Vitagen tálim texnologiyasınıń tiykarǵı wazıypası tómendegilerden ibarat [1]:

Golografiyalıq sana - hár bir insan rawajlanıwınıń (hárekettiń) kóplep tárepleriniń kombinaciyası sıpatında qaraladı. Hár qanday bilimlendiriwdiń tiykarın insan ómiri (vita) quraydı. Pedagogikalıq mashqalalardı tabıslı sheshiw ushın balanıń barlıq qábiletlerin anıqlaw hám rawajlandırıwdan ibarat.

Bilim beriw procesiniń nátiyjeliligi kóp tárepleme oqıtıwshı hám oqıwshınıń birge islesiwine baylanıslı. Oqıtıwshı hám oqıwshı sıpatında shaxstıń turmıslıq tájiriybesine súyeniw. Turmıslıq tájiriybelerdi bilimlendiriw qádiriyatlarına aylandırıw.

Vitagen tálimdi ámelge asırıw jolları tómendegilerden ibarat:

1. Vizualizaciya járdeminde vitagen tájiriybesiniń quramın anıqlaw.
2. Túrli sorawlar arqalı vitagen tájiriybesin anıqlaw.
3. Vitagen tájiriybesin oqıw procesiniń barlıq qatnasıwshıları tárepinen tastıyıqlaw arqalı anıqlaw.
4. Vitagen tájiriybesin analizlew. Onıń tábiyatı hám kólemin ashıp beriw, olar arasında baylanıstı ornatıw.
5. Vitagen tájiriybesin klassifikaciyalaw ushın tiykarın anıqlaw, onı klassifikaciyalaw. Hár qıylı bilim tarawındaǵı vitagenge tán bolǵan maǵlıwmatlardı birlestiriw.
6. Maqsetli pedagogikalıq tásir ótkeriw imkaniyatın anıqlaw, integraciyalasqan bilim, kónlikpe hám qatnasıqlardı qáliplestiriw.
7. Túrli tarawlarda ilimiy bilimlerdi jetilistiriwde vitagen tájiriybesinen paydalanıw shártlerin anıqlaw.

Bilimlendiriw procesine turmıslıq tájiriybesi joqarı bolǵan qatnasıwshılardı tartıw arqalı talabalardıń kózqarasın keńeytiw. Oqıtıwshınıń turmıslıq tájiriybesine súyeniw bilimlerdi qádiriyatqa aylandırıwdıń tiykarǵı jolı.

• Tirishilik tájiriybe shaxsqa bilim alıw procesinde potenciallıq qábiletlerdi júzege shıǵarıw imkaniyatın beredi.

• Tirishilik tájiriybelerinen kóp ólshemli paydalanıw kerek.

• Oqıwshınıń aqılıy (intellektual) potencialın jedellestiriw shaxstı húrmet etiwge tiykarlanıwı kerek.

Vitagen texnologiyasın ámelge asırıwda tálim procesine kompetenciyalıq jantasıw. Tálimniń strategiyalıq wazıypası bolıp oqıw jaǵdaylarınan sırtta nátiyjeli háreket ete alatuǵın, óz kásiplik iskerliginde júzege keletuǵın úlgili hám mashqalalı máselelerdi sheshe alatuǵın kompetentli qánigeniń tayarlıǵı esaplanadı. Kompetentli tayarlıq modeline ótiw sharayatında joqarı mektepte kompetentli qatnas jasawda qollanatuǵın oqıtıw texnologiyaların anıqlaw ayrıqsha aktuallıqqa iye boladı. Kompetenciyalardıń jıyındısın (berilgen pán tarawında nátiyjeli iskerlik ushın zárúr bolǵan bilim hám tájiriybeniń bar ekenligi) kompetentlik dep ataydı. Kasiplik tálimde kompetentlik ol yamasa bul tarawda bilim hám tájiriybelerdiń jıyındısı yaki anıq jumıs ornı yamasa atqarılıp atırǵan jumıstıń ózgerip turatuǵın talaplarına sáykes tásir etiwge múmkinshilik beretuǵın ulıwma hám kásiplik tayarlıq dárejesi bolıp tabıladı. Kompetentlik hám kompetenciyalar arasında tuwrı hám inversiyalıq (keri) baylanıslılıq bar. N.A.Muslimov bir qansha kásiplik kompetenciyalar túrlerin ajıratadı, olar kásiplik iskerlikte adam jetikligin kórsetedi: Kompetenciya atı mazmunı arnawlı jeterli joqarı dárejede óz kásiplik iskerligin iyelew; talabalardıń tabısqa erisiwi ushın jaǵdaylar jaratıw; kognitiv (biliw) qızıǵıwshılıqlardı rawajlandırıw, ilimiy dúnyaǵa kózqaras tiykarların tabıslı qáliplestiriw; qarım-qatnas mádeniyatın qáliplestiriw; óz-ózin baqlaw hám bahalawdı qáliplestiriw hám taǵı basqa [2].

Ye.S.Zair-Bektiń izertlew jumısında kásiplik kompetentliktiń qáliplesiwine qaratılǵan tómendegi kompetenciyalar anıqlanǵan:

oqıtıw hám oqıtıw metodikası bilimin integraciyalaytuǵın kásip tálimi pedagogınıń arnawlı kompetenciyaları;

maqsetli kompetenciya pedagogtıń ulıwma kásiplik hám arnawlı kásiplik pánlerdi oqıtıw maqsetlerin anıqlay alıwı;

mazmunlıq kompetenciya – ulıwma kásiplik hám arnawlı kásiplik pánlerdi oqıtıw mazmunın anıqlay alıw;

monitoringli kompetenciya oqıtıw nátiyjelerin baqlay alıw.

Ilimpaz A.Shayusufova "Vitagen tálim oqıtıwda teoriya hám ámeliyatta sáykeslik támiyinlew procesi subyektleriniń birgeliktegi xızmetin shólkemlestiriw ushın eń tuwrı jol bolıp, onda auditoriya hám óz betinshe tálim aralasıp ketedi. Subyekt-obyekt qatnasıqlarına golografikalıq qatnas úlken kólemdegi materiallardı ózlestiriw tiykarında vitagen tálimdi ámelge asırıwdan ibarat. Vitagen maǵluwmatlar tirishilik tájiriybeniń bir neshe basqıshların óz ishine aladı: 1. Maǵlıwmatlar parıqlanbay qabıl etiledi. 2. Bahalawshı – filtrlewshi shaxs. 3. Qatań tártipke iye bolıw maǵlıwmatlar sanalı túrde yadlap qalıwǵa qaratılǵan boladı" – degen pikirlerdi bildiredi [2].

Juwmaq etip sonı aytıwımız múmkin, joqarı bilimlendiriw sistemasında vitagen tálim múmkinshiliklerin keń kólemde ámeliy áhmiyet talap etpekte. Talabalardı kásiplik iskerlikke tayarlawda olardıń turmıslıq tájiriybesin anıqlaw hám usı tájiriybe sheńberinde onıń bilimlerin jetilistiriw múmkin. Turmıslıq tájiriybe hám ámeliy kónlikpeler tálimniń joqarı sıpatta dúziliw múmkinshiligin de asıradı. Usı sebepten búgingi kúnniń hár bir pedagogı vitagen tálim texnologiyasın túsiniwi hám onı óz iskerliginde paydalanıp barıwı kerek.

## Ádebiyatlar


1. Белкин А.С., Жукова Н.К. Витагенное образование: голографический подход. –Екатеринбург: УрГПУ, 1999.
2. Шаюсупова А. Замонавий таълимда витаген технологиялардан фойдаланиш. //Образование и инновационные исследования 2021. №5.
3. Muslimov N.A va boshqalar. Innovatsion ta'lim texnologiyalari. O'quv-metodik qo'llanma. -T.: «Sano-standart», 2015. 208-b.
4. Бордовская Н., Реян А. Педагогика. -Санкт-Петербург: 2001. -С.32
5. Педагогика /А.Қ.Мунавваровнинг умум. таҳ. остида. – Т.: «Ўқитувчи», 1996. 200-б.



**REZYUME.** Bu maqolada vitagen talimni amalga oshirishning metodologik asoslari va tamoyillari haqida so'z etiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье речь идет о методологических основах реализации и принципах витагенного образования.

**SUMMARY.** This article discusses the methodological foundations for implementing and the principles of vitagenic education.